



## ANONS POLITIK

*Operasyon sou teren an 2023-3*

**Politik:** Lòd Verifikasyon Istwa Pase Navigatè BRC pou tout tip Pwogram; Pwosesis Verifikasyon Istwa Pase pa Tip Pwogram EEC pou tout tip Pwogram

**Dat Antre an Vigè:** 22 out 2023

Lyen politik la: <https://www.mass.gov/doc/order-of-background-record-checks-in-brc-navigator-for-all-program-types-policy-documenthaitian-creole/download>,  
<https://www.mass.gov/doc/eec-background-record-check-process-by-program-type-for-all-program-types-policy-documenthaitian-creole/download>

### APÈSI

Depatman Edikasyon ak Swen Bonè (EEC) mete an plas politik ki konsène pwosesis verifikasyon istwa pase ajans lan (BRC). Nan mwa out la, kandida pwogram rezidansyèl ak plasman BRC (R&P) yo te transfere nan Pòtay Pwogram Navigatè BRC EEC a sistèm aktyèl la pou anplwaye ki nan pwogram swen timoun gwoup ak laj lekòl, ki finanse ak familyal, ansanm ak ajans afilye yo. Chanjman sa a te sispann itilize platfòm Manadjè BRC EEC a.

Plizyè lòt chanjman nan pwosesis BRC a te antre an aplikasyon tou an menm tan pou pran anprent premye etap nan pwosesis BRC a pou kandida pwogram rezidansyèl ak plasman epi pou aplike yon nouvo verifikasyon byennèt timoun andeyò eta a pou kandida pwogram rezidansyèl yo.

### APLIKABILITE

Politik sa yo aplike pou tout pwogram ki gen lisans, apwouve, ak finanse, men chanjman yo sèlman afekte pwogram Rezidansyèl ak Plasman yo.

### MIZAJOU KLE

- Mizajou
  - Tout kandida R & P yo pral kounye a oblije fè pran anprent yo anvan lòt verifikasyon BRC yo fèt [sa vle di, CORI, SORI ak DCF]. Anprent p ap kapab pran ankò nan okenn lòt pwen nan pwosesis BRC a.
  - Pwogram R & P yo p ap kapab soumèt BRC ijans oswa anboche kandida sou kondisyon. Kandida yo dwe konplètman apwopriye anvan yo ka kòmanse travay nan yon pwogram.
  - Anplwaye R & P ki aktyèlman apwopriye nan sistèm manadjè BRC a epi ki gen anprent dijital valid nan dosye a p ap bezwen mande yon transfè anprent dijital nan

sistèm Navigatè a pou kontinye travay nan pwogram yo pandan peryòd apwobasyon BRC yo.

- Transfè anprent ka nesèsè si yon kandida te antre nan nouvo sistèm Navigatè a selon estati anprent yo nan sistèm Eritaj la.
- Nouvo
  - EEC ap ajoute yon verifikasyon byennèt timoun andeyò eta a pou kandida pwogram rezidansyèl ki aktyèlman ap viv oswa ki te viv nan yon eta diferan nan 5 dènye yo.

## **RESOUS**

Si oumenm oswa anplwaye ou gen kesyon sou politik sa yo oswa ou bezwen sipò adisyonèl, tanpri kontakte EEC Licensor oswa EEC BRC Contact Center nan 617-988-7841.

Ou ka revize tou [Gid Itilizatè Zouti Sipò BRC la](#).

## **OBSOLÈT (ki pa sèvi ankò)**

Politik sa a ranplase Lòd Verifikasyon Istwa Pase ajans lan nan Navigatè BRC a pou politik tout Tip Pwogram ak Pwosesis Verifikasyon Istwa Pase EEC pa Tip Pwogram pou politik tout Tip Pwogram ki te pibliye nan dat 10 septanm 2019.